

Pawòl koyeditè yo

Josette Bruffaerts-Thomas et Tony Cantave

Vle pa vle, refondasyon Ayiti a dwe fèt apati yon edikasyon fondamantal ansanm ak yon edikasyon pwofesyonèl ki genyen bon jan kalite epitou ki pran an konsiderasyon alafwa kontrent ekonomik, kontrent sosyal, kontrent espas ak demokratik. Kalifikasyon pwofesè yo se pivo gwo travay sa a. Bann kantite inisyativ yo pran nan domèn refòm sistèm edikatif ayisyen an depi lè yo te mete li sou pye an 1982 a jis rive nan lansman pwogram eskolarizasyon invèsèl gratis epi obligatwa (PSUGO an franse) an 2011 lan pa penmèt nou rive nan bout objektif sa a. Nou genyen kòm prèv, lekòl bòlèt ki pouse tankou dyondyon, sitiyoasyon ekonomik brankal peyi a, mete sou sa, pwofesè yo anboche sou yon baz fantezis, ki se konsekans lese grennen angajman Leta a nan sektè sa a tankou nan anpil lòt sektè.

Kaye tematik sa a chita sou pwoblèm lekòl fondamantal ayisyen an. Nou pa vle rete chita sèlman sou deskripsyon fay ki nan sistèm edikatif la, men nou vle chache konprann poukisa sitiyoasyon sa a rive la a nan seye nou ap eseye bay kèk limyè repons ak pwopozisyon ki kapab fè yon jan yon mannyè pou bay timoun Ayisyen yo, edikasyon yo merite pou yo kapab, lè tou pa yo rive, pote sou zepòl yo gwo chay travay jesyon peyi nou an.

Pou nou rive fè sa, dwe gen yon rèl ki mande pou nou kite zafè tabou yo tonbe, yon rèl ki mande pou nou pran chans nou nan pwopozisyon ak inovasyon otè atik sa yo lanse ban nou an. Moun sa yo, ki te pase yon bann tan ap egzèse responsablite nan sektè edikasyon an, antre nan egzèsis sa a ak bon fwa yo.

Nou espere nou pral li avèk plezi, menm jan avèk nou, atik sa yo nou te genyen nan men nou yo ki chita sou tèm sa yo :

- Inisyativ refòm ki fèt depi 30 an, jistifikasyon yo, rezilta ak koz echèk yo :
- Nan ribrik opinyon an, *Le diable se cache dans les détails*, Patrice Dalencour lonje dwèt li sou prejije ki fè refòm yo souvan echwe ;
- *Quelques éléments pour la refondation de l'école fondamentale en Haïti*, ak Roody Edmé.

- Ki evalyasyon nou fè sou gouvènans sistèm edikatif la, sou wòl ministè Edikasyon nasyonal, sou kolektivite lokal yo, sou sektè prive a ak kowopèrasyon etranje ?

- *La gouvernance de l'école fondamentale haïtienne : une analyse critique des dynamiques qui sous-tendent la prise de décision au niveau national et local*, ak Gérald Fallon ;

- *Le paquet minimum intégré de services en éducation dans un état fragile*, ak Jacques Michel Gourgues ;

- *Décentralisation de l'éducation en Haïti La collectivité territoriale communale et le sous-système de l'école fondamentale*, ak Tony Cantave.

- Kouman pou nou prepare solisyon apati inisyativ ki fèt nan peyi a ak politik piblik ki enspire nou nan lòt peyi ?

- *Le tableau numérique interactif à l'école, des enjeux très spécifiques à Haïti*, ak Josette Bruffaerts-Thomas

- *L'éducation relative à l'environnement dans les deux premiers cycles du niveau fondamental du programme de sciences expérimentales en Haïti*, ak Anne-Suze Amicy.

- Lòt sijè pi espesyal :

- Nan ribrik Analiz la, *Pourquoi le département ayant le plus grand taux de pauvreté a-t-il de meilleurs résultats scolaires*, ak Stevens Simplus epi Jean Claude Bruffaerts ;

- *Pour l'élimination du redoublement dans le cycle d'enseignement fondamental en Haïti*, ak Fritz Dorvilier.

Nou espere atik sa yo pral pouse nou fè yon refleksyon an pwofondè epi ki kolektif sou yon priyorite nasyonal ki dwe bati nan yon dire tan detèmine epi san demagoji. Yo pral rive jwenn objektif yo si yo ranfòse volonte kay lektè yo pou yo aji avèk plis konviksyon pou renouvo sistèm edikatif ayisyen an. Edikasyon an se zafè nou tout ansanm epi se petèt sou sijè sa a sosyete sivil la dwe fè yo tande vwa li epi pou li ankouraje Leta a òganize tèt li an konsekans.

Rapèl prensipal chanjman ki genyen nan ansèyman fondamantal depi twa deseni (30 lane)

Refòm Bernard 30 mas 1982, ki chita sou òganizasyon sistèm edikatif ayisyen an pou li te bay tout moun chans yo epi pou li te mete an avan kilti ayisyen an, te chita sitou sou modifikasyon sa yo :

1. Nivo lengwistik

Kreyòl la monte kòm lang ansèyman pou premye sik lekòl fondamantal epi li tounen matyè pou anseye nan premye ane.

2. Nivo pedagogik

Genyen Pedagoji apati objektif la, ki santre sou elèv la. Li ranplase pedagoji tradisyonèl la ki baze sou « pa kè » ak sou kou majistral yo.

Institut pédagogique national (IPN), malerezman disparèt, li te kontribye nan mete sou pye kourikoulòm ak pwogram detaye yo.

3. Nivo fòmatif

Yon renovasyon an pwofondè lekòl nòmal /enstititris (ENI an franse) te angaje (renovasyon kourikoulòm, fòmasyon ansèyman, reyòganizasyon lekòl aplikasyon ak estaj, eks.). Yo te mete sou pye yon direksyon fòmasyon ak pèfeksyonman (DFP). Yo te mete kanpe an menm tan an Sant fòmasyon ansèyman fondamantal (CFEF an franse) pou fòmasyon inisyale, ak enplantasyon lekòl fondamantal aplikasyon ak sipò pedagogik (EFACAP an franse) pou fòmasyon kontini. Kalite refòm ak bèl lide sa yo pa rive nan aboutisman li, paske kantite lekòl nòmal yo epi kalite yo pi piti jounen jodi a pase jan li te ye anvan refòm lan.

4. Nivo estriktirèl

Konparezon ant sistèm kounye a (ansèyman fondamantal) ak sistèm ansyen an (ansèyman primè)

ANSÈYMAN FONDAMANTAL	ANSÈYMAN PRIMÈ	LAJ TEYORIK
3^e sik	Brevè senp ou sekondè	
9 ^e ane fondamantal	4 ^e segondè	14 an
	3 ^e ane, Brevè senp	
8 ^e ane fondamantal	5 ^e segondè	13 an
	2 ^e ane, Brevè senp	
7 ^e ane fondamantal	6 ^e segondè	12 an
	1 ^{re} ane, Brevè Senp	
2^e sik	Kou mwayen	
6 ^e ane fondamantal	Mwayen II	11 an
5 ^e ane fondamantal	Mwayen I	10 an
1er sik	Kou elemantè	
4 ^e ane fondamantal	Élemantè II	9 an
3 ^e ane fondamantal	Élemantè I	8 an
2 ^e ane fondamantal	Preparatwa II	7 an
1 ^{re} ane fondamantal	Preparatwa I	6 an
Jaden danfan ou preskolè	Ekòl matènèl	
3 nivo <ul style="list-style-type: none"> • Piti : 3 an • Mwayen : 4 an • Gran : 5 an 	2 nivo (4 ak 5 an)	